



**Mashoko echerechedzo yeZuva reMitambo yeMudariro muZendereka 2022 – 27 Kurume**

**Munyori weMashoko: Peter SELLARS, USA**  
Theatre, Opera and Festival Director

Zvakapindurwa kuisa muChiShona naTinashe Muchuri

---

**Mashoko echerechedzo yeZuva reMitambo yemuDariro muZendereka 2022**

**Peter SELLARS**

Vadiwa Shamwari/Hama,

Apo zendereka rakamira nenguva ingaite awa kana mineti pakudzinina kwemasvitsirwe enhau pazuva nezuva, ndiregei ndikukokei mese, sevaumbi, kuti tipinde muchimiro nendima yedu chaiyo nemafungiro edu munguva yakakosha kudai, shanduko yakakosha kudai, ruzivo rwakakosha kudai, misikidzo yakakosha kudai, uye muono wakakosha kudai? Tiri kurarama munguva yakakosha munhorondo yavanhu uye yakadzama uyewo shanduko dzinokosha dzatiri kurarama madziri muukama hwavanhu pachavo, pakati pavo nevamwe, uye kunharaunda dzisiri dzavanhu uhwo huri kure nekugona kwedu kuhunzwisisa, kuhutsanangura, kuhutura nezvahwo kana kuhuratidza.

Hatisiri kurarama upenyu mukutenderera kwenguva yemaawa makumi maviri nemana, tiri kurarama pakaneneka penguva. Mapepanhau nevezvenhau havana kukwanira uye havagoni kushanda neizvo tiri kusangana nazvo.

Mutauro uripi, ndedzipi mhindu dziri kuitwa, uye ndeipi mifananidzo inogona kutiwanisa kunzwisisa shanduko huru nekuputika kwezvinhu kwatiri kurarama makuti? Uye tingasvitse sei zviitiko zveupenyu hwedu nhasi uno kwete senhau asi semaramire atinohuita?

Mitambo yemudariro imhando yeudavadi hunoburitsa zvatakasangana nazvo mumaramiro edu.

Muzendereka rakatsitsirirwa nekushambadza kwevenhau kwakanyanya, mararamiro ekunyepedzera, fembera fembera inotyisa, tingasvike sei kuseri kwemidzokorodzwa yemanyumeri kuti tikwanise kurarama kuupenyu humwe hwakachenurwa uye husingagumi,

kugarisana kwezvisiyana kumwe, hushamwari, kana kuhunaku hwemwenje mudenga risingajairike? Makore maviri eCOVID-19 akadzima manzwiwo evanhu, mbandika raramo dzavanhu, putsa hochekeche, uye ndokutikanda panzvimbo isingajairike isina kana ani munhu anogarapo.

Ndedzipi mhodzi dzinofanira kudzvarwa uye kudzvarururwa mumakore ano, uye ndezvipi zvipuka zvakura zvakapfurikidza, zvipuka zvisinganzwisike zvinoda kubviswa zvachose? Vanhu vazhinji chose vari pamazivandadzoka. Mhirizhongo iri kungoitika kakawanda nyore, zvisina kufanira kana zvisina kutarisirwa. Makwara akawanda akafumurwa sehurongwa hwepfani ndambirira/iri kuramba ichienderera mberi.

Ko maungano edu erangaridzo aripi? Chii chatinodawo zvedu kurangarira? Ndedzipi tsika dzinotitendera kuti tizviumbiridze pakare uye kuti tikwanise kudzidzira kukanda nhanho itsva dzatisati takambatora kubvira nakare kose?

Mutambo wemudairo une muono unokosha, donzvo, vakiridzo, gadziriso, nekupepa unoda mhiko itsva. Hatidi kungofadzwa koga. Tinoda kukokorodzana. Tinoda kugoverana dariro rokushandira, tinoda kuvakiridza dariro ratinogoverana. Tinoda dariro rine udzamu rakachengeteka rokuti tinyatsoterera uye rinokuenzaniswa kwavanhu.

Mutambo wemudairo chiumbwa chepanyika chenzvimbo yekuenzaniswa kwamasimba pakati pavanhu, vamwari, miti nesora, mhuka, madonhwe emvura, misodzi, uye kumutsiridzwa. Nzvimbo yekuenzaniswa kwamasimba uye kunyatoreerera kwakadzama kunoratidzwa nerunako rwakahwanda, runoraramiswa muudzamu hwekufambidzana kwenjodzi, kuenzana kwepfungwa, uchenjeri, maitiro nekugona kumirira.

Muna *The Flower Ornament Sutra*, Buddha anodonongodza mhando huru gumi dzokumirira muupenyu hwomunhu. Imwe yemhando dzakasimbisira inonzi *Kumirira muKutora zvinhu zvose seZvisiri zvazviri*. Mutambo wemudairo wagara nguva dzose uchitipa upenyu hwenyika ino sehvakafanana nechinhu chisiri zvachiri, chichitiita kuti tikwanise kuona kuburikidza nekunyengedza kwepfungwa, rutendo rwenhema, kusaona kwakajeka, uye kuramba kutambira jekeso inosunungura nesimba guru.

Tine chokwadi chikuru neizvo zvatakatarisa nenzira dzatakatarisa nadzo zvokuti hatikwanise kuona kana kunzwa chimwe chokwadi chinogoneka, zvinogoneka zvitsva, nzira dzokusvikira chinhu dzakasiyana, ukama husingaoneki, uye hochekeche isina magumo.

Ino inguva yekutandadza pfungwa dzedu zvine udzamu, manzwiwo edu, mafungiro edu, nhoroo dzedu, uye ramangwana redu. Iri basa harigoni kuitwa nemunhu mumwe oga achishanda pasina vamwe. Iri ibasa rinoda kuti tishandire pamwe. Mutambo wemudairo ihokero yokuti tiite iri basa pamwechete.

Ndinokutendai zvikuru nokuda kwebasa renyu.

Peter Sellars